

CreoleKonsèy Edikasyon Bridgeport

Deklarasyon Règleman

Angajman Paran ak Fanmi nan Lekòl Piblik Bridgeport

13 Dawout 2012

Konsèy Edikasyon Bridgeport (BOE) sipòte koneksyon ant paran/fanmi ak lekòl.

BOE defini paran ak fanmi tankou manman, papa, bò-paran, paran adoptif, gadyen, gran-paran, ak nouris primè ak segondè.

Rechèch sou koneksyon ant fanmi ak lekòl twò klè: lè paran ak fanmi jwe yon wòl pozitif nan edikasyon timoun, timoun fè pi byen nan lekòl. Epitou, yon gwo nivo anganjman paran ak fanmi Mennen benefis a lon tèm tankou pi plis prezans nan lekòl, mwens elèv ki kite, mwens delekans ak mwens gwo sès. Pi plis toujou, avantaj angajman paran ak fanmi pa Selman pou nivo anfans ak elemantè; gen gwo benefisjis nan lekòl segondè.

BOE rete kwè edikasyon timoun se yon jefò kowoperatif ant paran ak kominate lekòl la. BOE rekonèt bezwen chak aksyonè (pa ekszanp, anplwaye lekòl ak òganizasyon kominotè) pou travay kòm patenè enfòme ak angaje.

BOE mande devlopman, enplemantasyon, distribisyon ak evalyasyon regilyè alekri règleman angajman paran ak fanmi nan chak Plan Amelyorasyon Lekòl Piblik Bridgeport. Pwosesis planifikasyon sa a ap enkli administrate, paran, elèv, pwofesè ak lòt aksyonè kle.

Vizyon Règleman:

Paran se premye e pi enpòtan pwofesè timoun yo. Rechèch fè nou konnen angajman paran ak fanmi fè yon gwo diferans nan amelyorasyon akonplisman akademik ak kwasans pèsonèl. Elèv fe pi byen nan lekòl e lekòl yo amelyore lè distri lekòl yo fè sa kap siv yo:

- Akeyi fanmi yo ak founi opòtinite angajman
- Kominike ak fanmi yo yon jan ki konsistan ak efektif
- Etabli relasyon sipòtif ak pwodiktif ant fanmi ak anplwaye lekòl
- Amelyore konesans ak konpetans paran yo pou defann edikasyon elèv yo
- Ede paran yo konprann kijan sistèm lekòl la mache
- Founi plizyè fason pou paran yo aksede enfòmasyon sou lekòl ak anplwaye lekòl
- Ankouraje kolaborasyon fanmi ak anplwaye lekòl pou amelyore ak sipòte sa ki rive nan lekòl la ak nan saldeklas

Amelyore angajman paran ak fanmi nan Lekòl Piblik Bridgeport (BPS), se responsabilite paran, anplwaye BOE ak BPS. Pou akonpli vizyon efektif angajman paran ak fanmi nan BPS la, paran ak fanmi dwe gen enfòmasyon ak opòtinite pou amelyore konesans ak konpetans yo tankou edikatè ak lidè.

Spesifikman, règleman sa a ankouraje paran yo pou yo se:

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon

- Yon prezans aktif nan lekòl timoun yo
- Paran pitit yo lakay yo
- Sipòtè ak patisipan nan amelyorasyon lekòl
- Defann pitit pa yo ak lòt timoun
- Moun ki pran desizyon ak moun ki rezoud pwoblèm nan sijè ki relye

Eleman Règleman:

1) Anviwonman Lekòl Akeyan:

Enteraksyon inisyal ak kontinyèl paran yo ak lekòl yo dwe pozitif ak akeyan. Estanda konpòtman akeyan ki mansyone pi ba yo, enkli men pa limite a anplwaye resepsyon, edikatè, chofè bis, gad sekirite, gadyen ak travayè kafeterya. Tout lekòl gen obligasyon:

- Poste siy amikal pou akeyi vizitè
- Founi yon bon direksyon lè yo nan batiman an
- Akeyi vizitè ak moun ki rele jantiman ak san pèdi tan e ba yo enfòmasyon fasilman
- Pou tout anplwaye lekòl kenbe yon atmosfè ki akeyan

Lekòl yo etabli ekip Paran Anbasadè ki gen ladan paran volontè ki gen plizyè wòl:

- Sous enfòmasyon pou paran (tankou sikjesyon pou amelyore relasyon paran-pwofesè, sèvi kòm "resous enfòmasyon" pou paran ak elèv ki gen bezwen espesyal)
- Fasilitatè ak rekritim angajman paran pou paran
- Monitè sekirite arive ak ranvwa (Inisyativ Koridò Seki BOE)
- Ede nan Sant Resous Fanmi

2) Atant Klè :

Atant akademik ak konpòtman nan tout distri pou tout klas :

- BOE a travè sipèvizè BPS yo defini ak distribiye atant akademik ak konpòtman nan tout distri pou tout klas. Ansanm ak Kòd Konpòtma, tout administratè lekòl yo gen obligasyon pou garanti tout paran resevwa yon dokiman ki gen enfòmasyon an detay sou rezulta aprantisaj ki espere. Li eksplike atant akademik ak konpòtman pou klas spesifik pitit yo nan kòmansman chak ane lekòl.
- Kourikoulòm ak atant sa ya'p aprann ap disponib sou entènèt.
- Lekòl yo ap founi konpak nivo klas yo.

Akò Paran-Pwofesè:

Akò sa yo fèt pou akonpli de gwo objektif:

- Responsabilize paran ak angaje yo plisa k pwosesis edikasyon a an souliyan tout atant sou kijan yo ka ede pitit yo reyisi anndan ak andeyo saldeklas
- Founi enfòmasyon sou kijan pwofese yo ka enfòme paran yo chak trimès sou estati pwogrè akademik ak konpòtman yo, tankou founi yon rapò pwogrè ki fèt espesyalman pou facilite paran yo.

Atant minimòm Pwofesè:

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon

- Planifye èdklas volontè, lè pwofesè a envite asistans paran ak fanmi
- Atant akademik ak konpòtman pwofesè yo gen pou elèv yo ak estrateji kontwòl konpòtman (tankou règleman nan saldeklas ak **konsekans***)
- Bay tout paran **kisis*** akademik pou ane a ak plan **kourikoulòm*** nan komansman chak peryòd kanè
- Spesifikasyon sou kijan ak kileu pwofesè yo pito kominike ak paran
- Pwofesè yo dwe reponn demann reyinyon paran yo nan peryòd de (2) jounen lekòl
- Pwofesè yo dwe fè anpil jefò pou mete PowerSchool ajou

Atant minimòm Paran ak Fanmi:

- Paran yo sipoze gen respè, yo dwe janti ak pasyan ak tout anplwaye lekòl la.
 - o Pwofanite, konpòtman menas ak fè eskonbrit entèdi
- Paran ki gen lide, kesyon oswa dout ka inisyé reyinyon ak pwofesè a
- Paran yo dwe konnen e dwe adapte yo ak metòd komunikasyon pwofesè a pito
- Paran yo ta dwe di pwofesè yo ki metòd komunikasyon yo pito
- Paran yo responsab chanje enfòmasyon pou kontakte yo si gen bezwen ak lekòl la ak pwofeè nan ki ijans (sa enkli, nimewo telefòn, adrès elektwonik, adrès kay etc.)
- Paran yo dwe reponn demann reyinyon pwofesè a nan peryòd de (2) jounen lekòl
- Paran dwe eseye sèvi ak PowerSchool pou siveye pèfòmans ptit yo

3) Kominikasyon Wobis:

Sondaj Paran:

- Lekòl distribiye ak kolekte enfòmasyon nan men paran yo gras a sondaj Distri yo fè omwen de fwa pa ane akademik.
 - o Sondaj nan komansman ane a idantifye premye lang chak gress fanmi, talan, kapasite, resous ak tan paran yo ka bay lekòl ak metòd komunikasyon yo pi pito
 - o Sondaj nan mitan ane a se yon evlyasyon **klima lekòl*** ak opòtinite angajman pou paran (tankou atelye potansyèl pou paran yo)
 - o Sondaj yo dwe fèt pa chak gress Konsèy Gouvènans Lekòl (SGC) lekòl yo
 - o Done yo dwe revize, pataje ak paran epi tou itilize jan sa dwe pa Konsèy Gouvènans Lekòl (SGC)

Sèvis Langaj:

- Lekòl yo dwe fèt tout jefò ki posib pou kominike ak fanmi yo nan premye lang paran yo pou komunikasyon alekri oswa aloral:
 - o Tradiktè langaj-spesifik (swa aplwaye lekòl oswa paran) disponib pou paran ak fanmi ki mande yo
 - o Tout sit entènèt distri a gen yon aplikasyon pou tradiksyon (tankou Google Translate)

Metòd Kominikasyon :

- Lekòl yo dwe fèt tout jefò ki posib pou kominike ak paran gras ak plizyè nouvo metòd komunikasyon (tèks, email, blas telefòn, lèt, medya sosyal, etc.)

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon

4) Aksè Efektif :

BOE gras ak Sipèvizè BPS la oblige kominike tout resous ki disponib pou paran e dwe founi paran yo ak enfòmasyon ansanm ak kapasite pou yo ka aksede a resous sila yo (sa enkli atelye travay ak demonstrasyon)

PowerSchool :

Zoutil sou entènèt sa pèmèt paran yo :

- Siveye mwayènn, travay nan klas ak devwa pitit yo byen fasil
- Kalkile prezans elèv
- Avèti paran yo lè mwayènn pitit bese plis pase yon nivo spesifik

Kalandriye ak obsèvatè angajman Paran :

- BOE adopte enplémentasyon nan tout distri a on sistèm pou sib angajman paran (tankou www.parentengagementtracker.com), yon jan pou bay paran yo yon kalandriye ajou ak tout opòtinite pou volontarya ak angajman
- Obsèvatè sa ka sèvi tou tankou yon zouti kredibilite pou paran, administratè ak Koòdonatè Lekòl a domisil

Fowòm Sipèvizè :

Objektif fowòm sa a se pou bay paran yon dyalog pi dirèk toujou ak sipèvizè a sou yon seri pwoblèm nan distri lekòl la.

- Konsèy Gouvènans Lekòl la chwazi de paran nan chak lekòl pou rankontre Sipèvizè a omwen kat fwa pa ane (yon fwa chak kanè).
 - o Paran yo dwe kreye ajenda pou Fowòm la
 - o Ekszanp sijè pou Fowòm nan enkli:
 - Komikasyon Lekòl ak Lakay ansanm ak Lakay ak Lekòl
 - Pi bon pratik nan lekòl nan distri a
 - Angajman paran
 - Anviwonman nan lekòl
 - Pèfòmans akademik
- Minit pou Fowòm yo pibliye sou sit entènèt Lekòl Biblik Bridgeport

Konsèy Konsilitatif Paran (PAC)

BOE gras a Sipèvizè BPS la oblige fasilite ak asire kreyasyon yon Konsèy Konsilitatif Paran pou Distri a (DPAC) ki fonksyonèl, yon PAC pou chak lekòl K-8, ak yon Òganizasyon Paran, Pwofesè ak Elèv (PTSO) pou chak lekòl segondè.

- Wòl PAC ak PTSO a se pou « amelyore enplikasyon paran gras ak yon sistèm aktivite ki travay an kowoperasyon ak pèsonèl lekòl yo pou ogmante ak amelyore opòtinite edikasyonèl pou timoun ni lekòl ni lakay » (règleman PAC, 2010).
- Tout PAC ak PTSO lekòl yo dirije anba PAC Distri a e opere anba règleman li yo

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon

- Manm PAC ak PTSO lekòl yo enkli paran BPS, dapre lwa ki gouvènè PAC Distri a
- Administrasyon distri ak lekòl yo dwe bay:
 - o Yon sal fonksyonèl ak aksesib pou reyinyon PAC/PTSO nan lekòl local la
 - o Yon espas pou reyinyon ki itil nan Sant Paran pou PAC Ekszekitif Distri a

Konsèy Gouvènans Lekòl yo

BOE gras ak Sipèvizè BPS la dwe fasilité ak asire kreyasyon Konsèy Gouvènans Lekòl (SGC) ki fonksyonèl dapre lalwa Leta – yon konsèy nan chak lekòl.

Konpozisyon SGC a dwe konsistan ak lalwa Leta :

- 7 paran oswa gadyen eli pa paran oswa gadyen elèv ki nan lekòl la
- 5 pwofesè nan lekòl la ki eli pa pwofesè lekòl la
- 2 lidè kominate a anndan distri lekòl la ki eli pa manm paran oswa gadyen yo ansanm ak manm pwofesè Konsèy la
- Direktè lekòl la oswa moun li deziyen a
- Pou lekòl segondè, 2 manm elèv chwazi pa kò elèv nan lekòl la

Prezidan aktyèl PAC/PTSO a dwe resevwa ankourajman pou li poze kandidati li pou yon plas nan SGC a.

Responsabilite manm paran SGC a enkli:

- Patisipe nan reyinyon, fòmasyon, wòl konsilitatif, patisipe nan diskisyon an rapò ak sante lekòl la, enkli men pa limite a:
 - o Bidjè base sou lekòl la
 - o Pwosesis entèvyou pou administratè nivo biling yo
 - o Revizyon plan edikasyon ak done lekòl la
 - o Developman yon plan dakson ki fèt pou satisfè tout objektif SEP lekòl la pou angaje paran/fanmi pi plis nan sipò siksè elèv

5) Kapasite ak Konesans Paran:

Sant Paran:

Sant Paran a se yon pon ant lakay, lekòl ak kominate e yon local pou paran vizite ak eksplor resous pou Edikasyon Granmoun ak kwasans pèsonèl tankou yon paran e yon manm kominate a.

Sant paran a sèvi tankou yon resous pou tout paran nan vil la nèt, pou konekte yo ak plizyè ajans nan Bridgeport ki founi konpetans pou parantaj, konpetans pou lavi ak opòtinite anrichisman. Sant la founi atelye travay chak mwa, fòmasyon ak inisyativ akademik. Li distribiye enfòmasyon sa bay Koòdonatè Lekòl-Lakay ak Sant Resous Fanmi ki baze sou lekòl pou al jwenn tout paran nan tout distri a nèt.

Sant Paran a sèvi tankou yon baz lakay pou PAC Distri e founi sipò bay tout pwogram ak inisyativ PAC a.

Gwooup paran pou rezoud pwoblèm:

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon

Gwoup Paran pou Rezoud Pwoblem yo ka kreye nan nivo lekòl ak nan nivo distri. Sant Paran a ap sèvi tankou yon fasilitatè pou gwoup sila yo. Gwoup yo gen ladan yo paran ki rezoud pwoblèm nan yon ka patikilye ki afekte lekòl yo oswa distri lekòl yo an antye. Paran lan gwoup sila yo idantifye yon pwoblèm, brase lide sou kòz ak solisyon e devlope ak enplemante yon plan dakson pou rezoud pwoblèm sa a. Apre pwosesis sa a, paran yo siveye ak evalye solisyon yo enplemante a.

Sant Resous pou Fanmi:

Yon Sant Resous pou Fanmi oswa Sal pou Paran eksziste nan chak gress lekòl kote gen espès ki pou pèmèt e founi yon gwo seri enstriksyon ak sipò edikasyonèl pou ede fanmi yo atenn objektif yo:

- Developman wòl paran tankou pwofesè a
- Klas pou timoun piti pou chikinn kwasans sèvo yo.
- Atelye sou parantaj ki montre siksè nan developman timoun e ki travay sou konpetans ak strateji pou ede timoun yo devlope akademikman, sosyalman ak emonsyonèlman.
- Amelyorasyon konpetans pou li ak ekri, matematik ak teknoloji paran yo

6) Relasyon Fanmi ak Lekòl :

Lè Sèvis pou Paran

Lekòl ki gen siksè ak gwo nivo angajman paran souvan envite paran yo pou reyalize yon nonm èdtan minimòm pou sèvis. Tout Lekòl yo oblige bay yon list opòtinite sèvis pou chak peryòd kanè.

- Aksyonè nan lekòl yo (paran, pwofesè ak administratè) ap detèmine aktivite ki apwopriye pou èd sèvis nan lekòl patikilye yo

Tout fanmi resevwa gwo rekommendasyon pou yo patisipe o mwen nan dis (10) èdtan aktivite ki relye ak lekòl la ak/oswa distri a tankou :

- Reyinyon BOE, reyinyon PAC/PTSO ak sesyon PAC Distri a
- Pwogram/atelye pou paran (nan Sant Paran oswa nan ajans nan kominote yo)
- Komite (tanou Konsèy Gouvènans Lekòl, Sipò djaz, Evènman PAC)
- Èd pou tradiskyon lang etranje
- Voloontarye nan saldeklas, kafeteria, lakou rekreyasyon etc.

Koòdonatè Lekòl-Lakay:

- Yon Koòdonatè Lekòl-Lakay anplwaye nan chak gress lekòl e sèvi nan kapasite k'ap siv yo:
 - Sipòte enplemantasyon Lwa Angajman Paran Lekòl Piblik Bridgport yo
 - Aji tankou yon sous resous ak enfòmasyon pou paran nan kominote lekòl yo a
 - Sèvi tankou yon chèf e yon fasilitatè pou jefò kontak paran gras ak kominote lekòl la ansam ak PAC lekòl la
 - Solidifye prezans paran yo pa mennen yo fè volontarya nan pozisyon lidèship ak lòt opòtinite sèvis.
 - Fonksyone tankou yon òganizatè, yon obsèvè ak yon planifikatè evènman pou opòtinite pou angajman paran ansam ak PAC lekòl la

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon

7) Rapotaj

Sipèvizè oswa moun li deziyen a ap rapòte bay BOE a de fwa pa ane, estati Enplemantasyon Lwa angajman Paran ak Fanmi a ansanm ak estati angajman paran nan Distri a.

Sou Règleman a :

Règleman sila te devlope pa yon ekip paran nan Lekòl Piblik Bridgeport avèk sipò Excel Bridgeport (www.excelbridgeport.org) ak lidèship PAC a. Ekip sa pase plizyè mwa angaje nan yon **pwoesis pou rezoud pwoblèm** ki chèche idantifye e adrese pi gwo obstak pou angajman paran nan Lekòl Piblik Bridgeport yo. Règleman sa a reflete eksperyans paran yo nan Lekòl Piblik Bridgeport yo ansanm ak bezwen yo panse ki genyen nan distri a ak nan kominote paran a.

Anèks:

Abrevyasyon ki itilize souvan:

BOE: Konsèy Edikasyon

BPS: Lekòl Piblik Bridgeport

PAC: Konsèy Konsiltatif Paran

PTSO: Òganizasyon Paran Pwofesè Elèv

ELL: Elèv kap Aprann Lang Anglè

SPED: Edikasyon Espesyal

SGC: Konsèy Gouvènans Lekòl

HSC: Koòdonatè Lekòl-Lakay

FRC: Sant Resous pou Fanmi

GED: Diplòm Edikasyon Jeneral

ESL: Anglè kòm Dezyèm Lang

SEP: Plan Edikasyon pou Lekòl

Glosè:

Distri/ Tout distri a nèt: refere a sistèm lekòl nan tout distri a nèt; oswa, tout lekòl nan sistèm Lekòl Piblik Bridgeport yo. « Distri » vle di tou tout administratè nan Lekòl Piblik bridgeport yo ki pa travay dirèkteman nan youn nan lekòl yo (tankou sipèvize ak asistan direktè yo).

Konsekans: An rapò ak konpòtman nan saldeklas, konsekans yo ka rezulta pozitif oswa negatif aksyon ak konpòtman yon timoun.

Kisis: Yon lis tout sijè k'ap kouvri e k'ap aprann nan yon peryòd tan. Tamkou, yon kisis istwa dèzetazini 7èm lane ka gen sije diferan nan istwa a (tankou Pilgrims, Batay Revolisyon, Mouvman Dwa Sivil etc.) elèv yo pral aprann pandan ane lekòl la.

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon

Kourikoulòm: Yon plan detid pi detaye ki eksplike diferan pati nan sije k'ap kouvri e k'ap aprann yo. Tankou (menm ekszanz piwo a), yon plan pi detay sou kijan e ki pati nan mouvman Dwa Sivil la elèv yo pral aprann.

Klima Lekòl : Santiman ak atitud ki parèt an rapò ak anviwonman yon lekòl. Yon ekszanz yon klima pozitif nan lekòl se yon lekòl ki amikal, akeyan ak sipòtif.

*Gade glosè nan fen dokiman sa a pou definisyon